



Pou Piblikasyon Imedya: 15/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SENK PREMYE TWOUS VAKSINASYON KOMINOTÈ KI DEPLWAYE NAN DEVLOPMAN LOJMAN NYCHA YO

Favorize enstriksyon Gouvènè a pou distribye vaksen nan kominote enstitisyon swen sante tradisyonèl yo mal desèvi yo

Sit yo limite estrikteman pou rezidan NYCHA ki kalifye yo; Pran yon randevoulè ou rele nan 1-833-SOMOSNY

Eta a ankouraje Nouyòkè yo pou yo pasyan lè y ap pran randevou yo; Gen plis pase 7 milyon moun New York ki kalifye kounye a men Eta a resevwa sèlman 300 mil / semèn nan men gouvènman federal la

Klike [isit la](#) pou wè foto yo

Jodia, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse senk premye twous vaksinasyon kominotè yo te deplwaye nan devlopman lojman NYCHA atravè Vil New York. Sit sa yo soutni efò Eta New York pou distribye vaksen COVID-19 nan fason ki egal nan kominote enstitisyon swen sante tradisyonèl yo mal desèvi yo. Sit yo limite estrikteman pou rezidan NYCHA ki kalifye yo. Rezidan yo ka pran randevou lè yo kontakte Somos, òganizasyon patnè eta a, lè yo rele nan 1-833-SOMOSNY.

Nou ankouraje Moun New York yo pou yo pasyan lè y ap pran randevou pou vaksinen. Apwovizyonman Eta a se gouvènman federal la ki detèmine l, e byenke gen plis pase 7 milyon Moun New York ki kalifye kounye a pou vaksen COVID, eta a resevwa 300,000 dòz sèlman pa semèn nan men gouvènman federal la. Poutèt kantite limite gouvènman federal la bay la, randevou yo fin plen rapidman. Tanpri rele depatman sante, famasi, doktè oswa lopital ki bò lakay ou a pou plis enfòmasyon e pou pran randevou.

"Nou gen yon priyorite e yon sèl priyorite - bay piki nan bra yo - e pandan n ap kontinye travay nou pou devlope rezo sit vaksinasyon yo, li enpòtan pou n asire nou ke vaksen an distribye nan fason ki jis epi egal," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Fè vaksen an rive jwenn Moun New York ke enstitisyon swen sante tradisyonèl yo mal desèvi oswa k ap viv nan dezè swen sante yo se yon premye priyorite, e sit sa yo nan lojman NYCHA yo mennen nou a yon pa pi pre objektif sa. New York ap fè pati pa li pou fè vaksen an distribye rapidman epi san pati pri, men nou bezwen pou gouvènman federal la mache prese epi ogmante apwovizyonman an. Nou soti twò lwen e nou travèse twòp wout pou nou wè limyè a finalman nan fen tinèl la, pou sèlman pwosesis distribisyon dousman federal la bloke nou."

Senk sit pou rezidan NYCHA ki kalifye sou randevou yo sitiye nan adrès ki anba yo:

- **Bronx**
 - West Tremont Avenue-Sedgwick Avenue Area, 200 West Tremont Ave., Bronx, NY 10453
- **Brooklyn**
 - Stuyvesant Gardens II, 150 Malcolm X Blvd. Brooklyn, NY 11221
- **East Harlem**
 - 307 East 116 St., New York, NY 10029
- **Queens**
 - International Tower 90-20 170 St., Queens, NY 11432
- **Staten Island**
 - 230 Broad St., Staten Island, NY 10304

Prezidan SOMOS Community Care, Dr. Henry Chen, te deklare, "Nou te travay depi premye jou pandemi sa pou pote repons swen egal epi ki responsab sou plan kiltirèl pou Nouyòkè ki devavorize yo, e n ap kontinye travay jiskaske chak moun vaksinen—sa vle di travayè esansyèl ak Moun New York ki vilnerab yo ki enkli granmoun, k ap viv isit la nan Corsi Houses. Mèsi, Sekretè Rosado ak Gouvènè Cuomo, paske nou apiye sou doktè kominotè tankou nou menm yo pou moun koulè yo - espesyalman sila ki gen risk ak granmoun yo - pa tonbe may filè a. Kolaborasyon kontini ant vil la ak òganizasyon tankou SOMOS enpòtan pou konbat pandemi sa ak pou konstui yon relasyon ak kominote ki defavorize yo ki baze sou konfyans pandan tout pwosesis vaksinasyon an. Nou la toutotan ou bezwen nou e toutotan rezidan Corsi Houses ak kote tankou l yo bezwen nou".

Prezidan Egzekitif SOMOS Community Care, Dr. Ramon Tallaj, te deklare, "Depi kòmansman an, SOMOS te angaje chak jou ke se pwòp doktè fanmi yon kominote ki trete l pi byen—se doktè ki reflekte lang, kilti, ak eksperyans pasyan yo ki ka konstui konfyans ak relasyon ki fè pasyan yo retounen pou swen ak tretman prevantif dekalite lè yo bezwen li. Bezwen enperatif sa pi gran toujou pandan pi gwo efò mobilizasyon peyi nou an - pou vaksinen pèp nou an epi pou finalmen mete yon fen nan pandemi sa ki te pote pwòch nou yo ale epi devaste kominote imigran koulè, ki gen revni ba yo, nan fason ki pa pwopòsyonèl. Mwen rekonesan ak Sekretè Rosado ak Gouvènè Cuomo paske yo kolabore ak nou nan efò pataje pou pwoteje vil nou yo ak tout abitan yo, espesyalman isit la nan NYCHA, kote gen tèlman travayè esansyèl ak granmoun New York k ap viv. Isit la ak tout kote, nou prèt pou kontinye fè sa nou fè pi byen, epi bay yon swen regilye ki bay konfò ak konfyans menm jan li bay bon sante ak tretman ki efikas".

New York ap kontinye avanse nan yon kantite efò espesyal pou asire resous yo disponib pou fasilite vaksinasyon jeneral la, espesyalman nan kominote ki defavorize yo ak kote ki manke swen sante yo. Eta a kontinye etabli Twous Vaksinasyon Kominotè

epi li travay avèk ofisyèl lojman pilblik yo, legliz yo, ak sant kominotè yo pou sipòte efò sa yo epi pou deplwaye twous yo nan kote ki apwopriye yo. Chak kit gen ladan enstriksyon etap pa etap sou fason pou etabli yon sit, ak founiti ak ekipman esansyèl tankou:

- Founiti Biwo
- Ekipman pou Pòs Travay
- Ekipman Kominikasyon yo
- Founiti Netwayaj yo
- Ekipman Ekleraj
- Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE)
- Ekipman Kontwòl Foul/Sikilasyon
- Flakon
- Sereng
- Separatè Pyès
- Rido pou Vi Prive

Ouvèti sit sa yo kontribiye nan objektif Gouvènè Cuomo pou asire distribisyon san patipri ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman [Gwoup Travay sou Ekite Vaksen](#) nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Pwokirè Jeneral Letitia James, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout eta a.

Deplwaman sa a fè pati efò Eta a pou akselere to vaksinasyon travayè swen sante ki gen priyorite yo plis, epi kòmanse vaksinen Nouyòkè ki fèk kalifye yo. New York te etabli yon rezo sit distribisyon k ap konplèman travay k ap fèt nan lopital yo pou evite ke okenn lopital pa vin twò chaje. Nouvo rezo sa ap itilize tou biwo doktè, Sant Sante ki Kalifye Federalman (Federally-Qualified Health Centers, FQHC), depatman sante konte yo, sant pasyan ekstèn yo ak famasi yo pou mete dòz yo nan bra Nouyòkè ki kalifye yo. Plis pase 1,200 famasi te deja angaje pou patisipe nan rezo sa, avèk apeprè 400 ki pwograme pou vin anliy semèn sa a. Yo pral bay famasi yo vaksen pou Nouyòkè ki gen 65 ane e plis yo, pandan ke lopital yo pral kontinye vaksinen travayè swen sante 1a yo, epi depatman sante lokal yo ak efò ke sendika yo òganize pral sèvi travayè esansyèl ki nan 1b yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)